

Sa Ou Bezwen Konnen Sou Nouvo Règ konsènan Responsablite Piblik

Nan dat 20 Jiyè 2026, Depatman Sekirite Teritwa (Department of Homeland Security, DHS) Etazini te pibliye yon nouvo règ konsènan responsablite piblik ki ka afekte sèten moun ki pa sitwayen ameriken ak fason ofisyèl imigrasyon yo konsidere resepsyon avantaj piblik yo. Nouvo règ sa a pral vin anvigè nan dat 18 Septanm 2026.

NÒT ENPÒTAN: Anpil moun ki pa sitwayen ameriken pa konsène nan nouvo règ sou responsablite piblik la. Anvan ou pran desizyon sou avantaj piblik yo, toudabò detèmine si règ ki konsène responsablite piblik menm aplike pou ou.

DHS pral bay oryantasyon sou sa anvan 18 Septanm 2026. Nou pral modifye anons ofisyèl sa a lè gen plis enfòmasyon ki vin disponib.

Èske Responsablite Piblik Aplike pou Mwen?

Ou ka pa gen pou enkyete sou responsablite piblik. Li PA aplike pou:

- Sitwayen ameriken yo ak moun ki aplike pou yo vin sitwayen Ameriken.
- Rezidan Pèmanan (LPR) yo, ak moun ki se rezidan sou kondisyon, sof si yo:
 - Vwayaje nan peyi etranje epi yo te deyò Etazini pandan plis pase 180 jou; oswa
 - Vwayaje nan peyi etranje epi yo gen sèten kondanasyon kriminel oswa lòt sikonstans ki dekri Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite (INA) § 101(a)(13)(C).
- Imigran ki gen yon viza non-imigran epi ki pa planifye pou aplike pou yon grinkat oswa ki chanje/pwolonje sitiyasyon non-imigran yo.
- Refijye oswa moun yo akòde azil politik.
- Moun k ap chèche anile lòd pou yo kite peyi a.
- Jèn Imigran Espesyal (SIJ).
- Moun ki gen Viza Imigran Espesyal (SIV), ak sitwayen Afganistan ak Irak ki admisib.
- Moun ki fè petisyon pou tèt yo ak moun ki aplike annakò avèk Lwa kont Vyolans sou Fanm (VAWA).
- Moun ki aplike ak moun ki gen viza U.
- Moun ki aplike ak moun ki gen viza T.
- Aksyon Difere pou Timoun piti ki Rive Nan Peyi a ak moun ki resevwa (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA).
- Moun yo akòde Estati Pwoteksyon pou yon ti Tan (TPS).
- Moun ki ajiste sitiyasyon yo anba:
 - Lwa konsènan Ajisteman Kiben (CAA);

- Lwa konsèman Ajisteman Nikaragweyen ak ak Soulajman pou Amerik Santral (NACARA);
- Lwa konsènan Ekite nan Imigrasyon Refijye Ayisyen (HRIFA); oswa
- Lwa konsènan Ekite nan Imigrasyon Refijye Liberyen (LRIFA).

Èske Mwen Konsène nan Responsablite Piblik?

Ou ka konsène nan responsablite piblik si ou:

- Aplike pou rezidans pèmanan legal (yon “grinkat”) anba:
 - Yon manm fanmi;
 - Sèten patwon; oswa
 - Lotri viza divèsite.
- Yon moun ki gen grinkat ki retounen nan Etazini apre yon vwayaj nan peyi etranje si ou:
 - te rete deyò peyi a pandan plis pase 180 jou youn-apre-lòt; epi/oswa
 - Gen sèten kondanasyon kriminel oswa lòt motif ki endike nan INA § 101(a)(13)(C).
- Aplike pou chanje oswa pwolonje yon viza non-imigran, sof si kategori viza a egzante nan règ konsènan responsablite piblik.

[Zouti](#) sa a ka itil ou lè w ap detèmine si responsablite piblik aplike pou ou. Li disponib nan lang Anglè, Panyòl ak Chinwa Senplifye.

Kisa Responsablite Piblik Ye?

“Responsablite piblik” se yon règ imigrasyon yo itilize anjeneral pou detèmine si yon moun pral kapab sipòte tèt li sou plan finansye pidevan. Menmsi règ la aplike sitou pou sèten imigran ki aplike pou yon grinkat, li kapab aplike tou pou moun ki chanje, pwolonje, oswa re-antrè anba sèten kondisyon imigrasyon. Si yo jwenn ou se yon responsablite piblik, ou ka jwenn refi pou aplikasyon ou.

Sou plan istorik, ofisyèl imigrasyon yo te sèlman konsidere si yon moun te resevwa asistans lajan kach oswa swen nan enstitisyon Medicaid peye pandan anpil tan, ak kèk ti kantite moun ki te jwenn refi pou yon grinkat sou motif responsablite piblik. Règleman 2022 konsènan responsablite piblik te swiv apwòch sa a.

Nouvo règ konsènan responsablite piblik elimine règleman 2022 sa yo men li pa ranplase yo avèk nouvo règleman yo. Olye sa, DHS pral pibliye oryantasyon ki pral sipoze bay ofisye yo enstwiksyon sou fason pou detèmine si yon moun se yon responsablite piblik, tankou fason pou konsidere resepsyon avantaj piblik yo sou kondisyon resous (means-tested public benefits).

Paske yo pa t pibliye oryantasyon an, li toujou pa klè egzakteman fason ofisye yo pral aplike nouvo règ la. Men, kontrèman ak règleman 2022 yo, nouvo règ la endike pwochen oryantasyon an pral mande ofisye yo pou konsidere resepsyon nenpòt avantaj piblik sou kondisyon resous, alapas asistans lajan kach sèlman pou antretyen revni ak swen nan enstitisyon Medicaid peye pandan anpil tan.

Èske Moun ki pa Sitwayen Ameriken Gen Pèmasyon pou Resevwa Avantaj Piblik yo?

Wi. Anpil moun ki pa sitwayen ameriken kalifye pou yon varyete avantaj piblik epi yo kapab resevwa avantaj sa yo legalman san konsekans negatis sou sitiyasyon imigrasyon yo. Pou aprann kichòy sou ki kategori moun ki pa sitwayen ameriken ki kalifye pou ki avantaj nan Eta New York, ou kapab ale nan [tablo](#) sa a.

Avantaj piblik yo bay sipò ki enpòtan anpil pou manje, lojman, swen sante, ak lòt sipò enpòtan pou ede fanmi yo rete san danje ak an sante pandan yo nan difikilte finansye.

Resepsyon avantaj piblik yo pa janm otomatikman fè yon moun vin yon responsablite piblik.

Ki Avantaj Piblik ki Fè Pati nan Nouvo Règ la?

Jiskaske nou wè pwochen oryantasyon DHS, nou p ap konnen avèk sètitud ki avantaj yo pral konsidere lè règ la ap vin anvigè nan dat 18 Septanm 2026. Oryantasyon an pral pètèt bay ofisye yo enstwiksyon pou konsidere resepsyon nenpòt avantaj piblik sou kondisyon resous. Avantaj sou kondisyon resous se pwogram gouvènman ki disponib pou moun ak fanmi: ki pa touche ase revni oswa ki pa gen ase resous.

Èske Yo Pral Konsidere Avantaj Piblik Mwen te Resevwa Anvan 18 Septanm 2026?

Nouvo règ la fè konnen pwochen oryantasyon an pral endike yo p ap konsidere resepsyon avantaj sou kondisyon resous anvan 18 Septanm 2026.

Sèl eksepsyon ki genyen se asistans lajan kach ak swen nan enstitisyon Medicaid peye pandan anpil tan paske yo te toujou konsidere avantaj sa yo.

Èske Yo Pral Konsidere Avantaj Piblik Manm Fanmi Mwen te Resevwa?

Dapre règleman yo ki la nan moman an, k ap rete anvigè jiska dat 18 Septanm 2026, avantaj piblik yon manm fanmi te resevwa p ap konte kont ou nan yon detèminasyon pou avantaj piblik. Nouvo règ la te elimine pwoteksyon sa a.

Men, gouvènman federal poko pibliye oryantasyon pou eksplike fason nouvo règ la pral travay. Nouvo règ la fè konnen oryantasyon pidevan an pral pèmèt ofisye imigrasyon yo konsidere avantaj depandan moun ki konsène nan responsablite piblik te resevwa sou kondisyon resous. Paregzanp, yo kapab konsidere avantaj piblik yon pitit sitwayen Etazini te resevwa nan detèminasyon pou responsablite piblik yon paran pou avantaj sa yo dapre revni ak resous paran an.

Kijan Ofisye Imigrasyon yo Pral Evalye Avantaj Piblik Moun nan Te Resevwa?

Nou p ap konnen sa avèk sètitud jiskaske nou wè pwochen oryantasyon DHS.

Dapre INA, DHS dwe konsidere laj ou, sante ou, sitiyasyon fanmi ou, byen ou, resous ou, ak sitiyasyon finansye ou; epi edikasyon ak konpetans ou ansanm avèk yon afidavit sipò. Nan nouvo règ la, DHS endike ofisye yo pral gen pèmasyon pou konsidere nenpòt faktè yo kwè ki enpòtan, ak annamoni avèk oryantasyon pidevan an.

Èske Ou Ta Dwe Ranpli Fòm I-485 Anvan 18 Septanm 2026?

Nouvo règ la deklare y ap pran yon desizyon anba règleman 2022 yo pou Fòm I-485 konsènan Aplikasyon pou Ajisteman Sitiyasyon (grinkat) ki ranpli anvan 18 Septanm 2026. Menmsi nou bezwen revize oryantasyon pidevan an, apwòch ki pi pridan an ka se pou ranpli aplikasyon I-485 yo anvan 18 Septanm 2026.

TANPRI SONJE:

Ou pa ta dwe sispann resevwa avantaj piblik ni refize avantaj ou kalifye pou resevwa yo jiskaske ou detèmine anvan si règ konsènan responsablite piblik aplike pou ou. Menmsi règ la pa aplike pou ou, pale avèk yon pwofesyonèl imigrasyon anvan ou anile enskripsyon ou nan avantaj yo.

Avètisman: Legal Aid Society (Sosyete Èd Legal) te prepare enfòmasyon yo ki nan dokiman sa a pou objektif pou enfòmasyon ou sèlman, epitou enfòmasyon yo pa reprezante konsèy legal. Enfòmasyon sa yo pa la pou kreye yon relasyon avoka-kliyan, epi lè ou resevwa yo sa pa vle di gen yon relasyon konsa. Ou pa ta dwe pran desizyon dapre nenpòt enfòmasyon san ou pa angaje yon avoka pwofesyonèl.